Rewum ITALIE

MINISTERO DELL'INTERNO

euaa EUROPEAN UNION AGENCY FOR ASYLUM

# SAY ÀQ AK SAY YELLEEF CI ÑU DALAL LA



**Xibaar bii soxal na la bu fekkee ni:**

- amaguloo 18 ci ay at
- nga ñëw àanduloo ak say waajur, moo xam yaw rekk la wala danga ànd ak yeneeni mbokk
- bindu nga ngir am làqquwaay (ñu gën ko xamee ci kaarange bitim réew) ci rewum Italie.

WOLOF

# YI TEERE BI LÀQQ


Yaa ngi ci kaarange ci biir réew mii 3

Kan moo la dimbali? 3

Lan mooy ligeeyu njaatige bi/aji teewal ji ? 3

Keneen kan moo la mëna dimbali? 4

Lan ngay jot? 6

Sañ-sañ ci wergi yaram 8

Yëgalal Lignou la denk yi ak njaatige bi/aji teewal ji? 9

Lan mooy saytu njariñ bu gën? 10

Sañ-sañ ci jàng 10

Sañ-sañu ligeey 11

Sa kayiti sàkku làqquwaay 11

Fan ngay dali? 12

Lan nga mëna def bu amee kenn ku lay toroxal? 13

Yan ñooy say wareefu dalal? 14

Lan mooy xew boo sàmmoowul ak say wareef? 15

Tërëlin yi ngir bindu ngir am làqquwaay ak ngir tukki ci yeneen réew yu réew yu booloo yu órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin 16

Lan mooy xew boo dawee ci benn ci yeneen réew yu réew yu booloo yu órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin? 17

Kan moo la mëna dimbali bu fekkee nangu wu loo dogal bu kilifa yi jël? 18

Lan mooy xew bu amee ndimbal yu soppeeku? 19

Say xibaari jokkoo 20

## YAA NGI CI KAARANGE CI BIIR RÉEW MII

Waxoon nga kilifa yi ni mënoo dellu ci sa réew ndax da ngaa nekk di jege lorange te da ngaa bindu ngir am làqquwaay. Kuy sàkku làqquwaay nga ci rewum Italie.

Yoon la bu fekkee mbir yepp dañu bees ci yaw. Yaa ngi ci kaarange ci biir réew mii te doo nekk ci weetaay.

## KAN MOO LAY DIMBALI?

Ci Órob, kepp ku amagul 18 ci ay at jàppeenañu ko ab xale te amna sañ-sañu jot **ndimbalu jagle.**



Li nga ñëw te àndoo ak say waa-jur, beneen mag biñuy woowee **njaatige bi/aji teewal ji ci wàllu yoon** dina la dimbali ci say soxla. Nit kooku laalewul dara ak kilifa yi.

Bu fekkee dajeeguloo ak njaatige bi/aji teewal ji ci wàllu yoon, dinga daje ak ñoom ci lu yàggul dara.

Fii ak boobu, kilifa yi dinañu la denk beneen mag mu lay taxawu di la teewal.

## LAN MOOY LIGEEYU NJAATIGE BI/AJI TEEWAL JI?

Njaatige bi/aji teewal ji moo lay leeralal lepp loo soxla xam ci sa dal bi te moo lay dimbali ci nga am ay tontu ci laaj yi. Ci misaal, ci mbiri nooy jangee, nooy gisee ab doktoor, fan ngay dali, naka ngay gisee wala jokkoo ak sa waa-kër. Yeneen ligeeykat la itam dimbali ci laaj yii.

Sanjaatige/aji teewal ji mooy wax kilifa yi loo soxla, moo lay jox ay xelal te moo lay dimbali ci nga jël ay dogal yu am solo.

Mën nga saa yu la neexee wax say soxla ak say yëg-yëg ak wax sa njaatige bi/aji teewal ji say xalaat.

Boo amee jafe-jafe ak njaatige bi/aji teewal ji, waxal ak ligeeykat yi.

## KENEEN KAN MOO LA MËNA DIMBALI?



- Ab asistaŋ sosial dina la dimbali ci sa soxla yi ngay am bes bu nekk wala nga woo yeneen ligeeykat yu la mëna dimbali ci ay jafe-jafe yu ñu ràññee.
- Ab **doktoor** wala **fajkat** dina la dimbali boo tawatee, boo amee gaañu-gaañu wala boo soxla wee bepp xeetu taxawu ci wàllu paj.
- Ab **fajkat ci wàllu xel** dina la dimbali boo nekee ci tiis, boo meree, boo titee, boo yoqqatee wala boo amee jafe-jafe ci nelaw.
- Ab **xelalkat ci wàllu yoon** dina la dimbali ngir nga xam lan mooy xew ci diiru toppatoo bindu bi ngir am làqquwaay ak bu fekkee da ngaa jàpp ni sàmmoo wuñu ak seeniy àqq.
- Ab **firikatu làkk** mën nalaa dimbali ci nga waxee ci làkk bi nga degg. Seen ligeey mooy firi say wax ak waxi ñeneen ñi ni ñu ko waxee.
- Diangale kate yi dinanioula dimbali Si ndiangoum lakk bi akk diangoul kham kham

**Lan mooy saytu ata?**




Boo aggsee Órob te Andaale woo benn kayit buy findeel ñaata at nga am, te kilifa yi am sikk-sàkk ci say at, dinañu la wax nga bokk ci benn doxalin buñu naan **saytu at**. Ci anam boobu, dina ñu jël dogal ci ndax xale lañu la jàppee wala deed. Buñu sàkkoo ci yaw nga bokk ci ab saytu at, njaatige bi/aji teewal ji dina la leeralal doxalin bi.

**Loo mëna def boo bëggee jokkoo ak sa waa-kër?**



- Boo xamul fu sa waa-kër nekk, wala nekkatuloo di mëna jokkoo ak ñoom, mën nga laaj njaatige bi/aji teewal ji wala ligeeykat yi ngir am ay ndimbal. Dinañu la dimbali ci seet sa waa-kër.
- Boo xamatul fu sa waa-kër nekk ta nga am seeniy xibaari jokkoo, ligeeykat yi mën nañu la dimbali ci nga woo leen boo ko bëggee.
- Boo amee njaboot ci Órob, waxal ligeeykat yi lepp loo xam ci sa njaboot.

**Defal ndank, mën na am ñu teg la lorange**



Mën na am ngeen xalaat genn réew mi wala am ñu leen di jeema dawloo. Mën na leen indil ay jafa-jafe ak ay jeexital yu baaxul ci sa bindu bi ngir am làqquwaay. Waxal ak sa njaatige bi/aji teewal ak ligeeykat yi, mën nga leen leeralal tolluwaay bi dina ñu la mëna xelal.

# LAN NGAY JOT?

Di nga jot xeetu ndimbal yu wuute ak ay jàppale ci diir bi ngeeniy xaar kilifa yi saytu seen bindu ngir sàkku làqquwaay. Loolu lañuy woowee **dalal.**


Ngir li nga doon ndaw ak ab aji sàkku làqquwaay am nga ay sañ-sañ, waaye tamit ay wareef yoo wara sàmmooteel. Yooyu leeral nañu leen ci teere bi.

Ligeeykat yi dinañu la laaj nga firndeel ni yaa ngi jot xibaar yi nekk ci téere bii. Boo deggul pàcci teere bi wala nga am ab laaj booy jebbal, laajal njaatige bi/ aji teewal ji ak ligeeykat yi.

Diir bi ngay dal ci réew mi, njaatige bi/aji teewal ak ligeeykat yi dinañu la jox yeneeni xibaar mu ngi aju ci say tolluwaay yi nga jagoo. Mën nga jébbal ay laaj saa bu la neexee.



**Di nga jot**:



- foo fanaan



- dund



- ay jumtukaay ci wàllu setu yaram



- ay yére



- xaalis ngir faj say soxla

# SAÑ-SAÑ CI ÑU TOPPATOO SA WERGI YARAM

**Kilifa yi dinañu werlu ni jot nga paj mi nga soxla.**

**Mën nga yëgal ligeeykat yi ak njaatige bi/aji teewal ci jafe-jafe yi nga am ci wàllu paj.** Dinañu la dimbali ci gis ab doktor wala fajkat bu ko laajee.



Bu doktoor bi jàppee ni laaj nako, dina la bindal ay garab ba noppi defloo la ay saytu-wergi yaram ca ñu seen xel màcc ci yenn wàll paj yi.

Ligeeykat yi ak njaatige bi/aji teewal ji dinañu la wax ndax mën na am nga/ da ñu la wara defal ab saytu wergi-yaram ci ab fajkat wala ab doktoor. Mën na am ñu/dina ñu saytu sa wergi yaram ba noppi joxla taxawu yi nga soxla.

Boo amee soxla bu jàmp ci wallu yoon wala ab gaañu-gaañu bu laaj paj mu gaaw, wax ko ligeeykat yi. Boo nekkee ci biti berab bi nga dal, mën nga woote ci buumu jokkoo jafa-jafe yu jamp yi ci nimero 112.


# YËGALAL LIGEEYKAT YI AK NJAATIGE BI/AJI TEEWAL JI BU FEKKEE:






- Da ngaa tawat, am gaañu-gaaèu wala soxla nga ab taxawu bu jàmp ci wàllu paj.
- Da ngay jëfandikoo sineebar wala ngay naan sàngara
- Da nga mësa dund fitna wala lorange ci lu weesu wala yaa ngi koy dund fimu toll nii
- danga ëmb wala dangaa mel ni ku ëmb
- Mënoo doxal sa bopp wala dangaa am jafe-jafe degg ak giss
- danga yoqqat lool, danga am tiis, doo mëna nelaw wala dangay am ay xalaat yu bon
- danga jàpp ni nekku loo ci kaarange wala danga nekk di am kooy ragal, moo xam ab doxandeem la wala nit koo xam
- dañu la defloo woon loo bëggul def wala ñu ngi la koy def loo
- da ngaa yëg ni nekkuloo ci kaarange ndax sa wàllu gëm-gëm, ndax ki ngay bëgganteel, wala ndax ni ngay solo wala ni ngay jëfee.

Fattalikul, ligeeykat yi ak njaatige bi/aji teewal ji ñi ngi fi ngir dimbali la.



## LAN MOOY SAYTU NJARIÑ BU GËN?



Ab yengu-yengu la boo xam ni dinga fa daje ak yeneen ligeeykat yu lay laaj ay laaj ngir:

- xam say **soxla**
- jël dogal ci xeetu **ndimbal** bi nga soxla.

Loolu dina dimbali kilifa yi ñu jël dogal yu am solo, ci misaal fan ngay dal.

Mën nga wóolu fajkat yi, doktoor bi, fajkat bi ci wàllu xel ak ligeeykay yi ak aji gàddu say mbir/aji teewal ji. Mën nga leen jox xibaar yepp. Amul lenn ci lo ngay wax lu ñuy wax keneen kudul sa njaatige/aji teewal ji ci lu dul sa ndigal. Fenn fuñu koy defee rek mooy bu fekkee ni sa bakkan wala bosu keneen daf ci aju.

bu fekkee bëggoo ñu yëgal njaatige bi aji teewal ji wala ñu dugal ko ci, wax ko ligeeykat yi. Dinañu saytu say sàkkuteef te dinañu jël dogal buñu sukkandikoo ci lu gën ci yaw.

## SAÑ-SAÑU JÀNG



Ngir li nga doon xale am nga sañ-sañ ci jàng ak sàkku xam-xam. Bu fekkee dangay dem ekool te ngay dooga am 18 ci ay at ci diir boobu, mën nga wëyal sa njang ba njang mi jeex.

Njaatige bi/aji teewal ji ak ligeeykat yi dinañu la dimbali ci nga bindu ci ekoolu gox bi. Dinañu la xamal njangum làkk yu ñuy waajalee ekool bi ak yeneen njàng yi. Mën na am nga wara def yenn njang yi.

Ligeeykat yi dinañu la wax yengu-yengu yiy maye xam-xam, yiy beesalaat am xel ak ngir dimbali la nga mëna sàkku xam-xam, yokkute ci sa wàllu bopp ak ay xarit yu bees.

## SAÑ-SAÑU LIGEEY

Bu ñu sukkandikoo ci say at ak ci sa tolluwaay, mën na am ñu may la nga ligeey ci rewum Italie, boo bëggee. Njaatige bi/aji teewal ji ak ligeeykat yi dina ñu la jox xibaar yu gëna yaatu.





Meune ngua liguey lou tolou 90 fane après biniou defe ladj bi si bou feke lepp diarna yone.



Bepp xale bu góor ak bu jigeen bu amagul 16 ci ay at mayu ñu leen ñuy ligeey.

## SA KAYITI SÀKKU LÀQQUWAAY

Di nga jot sa kayitu bopp yu ànd ak sa tur ak sa ab foto. Loolu dafay wane ni ab sàkkukatu làqquwaay nga ci rewum Italie. War nga ko yore saa su nekk.



**Kayit bii lu am solo la. Kayit bi amna solo, maytu ko reeral te bul ko jox keneen.**

## FAN NGAY DAL?

Berab bi ngay dal ci diir bi kilifa yi di saytu sa bindu ngir am làqquwaay mu ngi aju ci sa tolluwaay ak say soxla.







Sa tutekat ak ndaw yi dina ñu la wax fi nga wara dëkk, ci misaal, ci benn dëkkuwaay wala dëkk bu njiit yi tànn. Liggéeyukaay yooyu dañu leen jagleel xale yu ndaw yi kese, wa ilaa ci anam wu amul fenn, su amee luñu lay sàkku nga dëkk ci diir bu gàtt, ci wàll yiñ jagleel xale yu ndaw yi ci santu mag ñi.

**Di nga jot ay ndimbal aki taxawu ci berab yi kilifa yi jël dogal rek.**

Ci lu bari wul lu muy am, mën na am ñu yobb xale yi ci santar yoo xam ni duñu mëna dem ak ñëw ni mu leen soobee. Boo nekkee ci tolluwaay boobu, njaatige bi/aji teewal ji, ab xelalkat ci wàllu yoon ak ligeeykat yi dinañu la taxawu.

**Moo xam foo mëna dal, am nga sañ-sañu nekk ci kaarange:**
**Mayu ñu kenn mu:**


tiital la


saaga la



gaañ la

Ak ku mu mëna doon, moo xam ab doxandeem la wala nit koo xam.
Boo amee ay jafe-jafe ak ligeeykat yi wala an njaatige/aji teewal ji, mën nga ko wax.

## LAN NGA MËNA DEF BU AMEE KENN KU LAY TOROXAL?



Mën nga wax ak nit koo wóolu, ak yeneen ligeeykat, njaatige/aji teewal ji wala.



Bu amee ku la toroxal, mën nga ko wax kilifa yi ngir bañ mu amaat.
Lii la ñuy woowee "jébbal ab tawat".

**Ñu bàyyi ci xel!**
Boo nekkee ci biti berab bi nga dal te nga nekk fu jege lorange, mën nga woote ci lu amul fay ci buumu jokkoo ngir jafa-jafe yu jamp yi ci 112 ci telefoŋ bumu mëna doon.

## YAN ÑOOY SAY WAREEFU DALAL?



Amna solo nga wax dëgg kilifa yi te nga nekk benn ak ñoom, bu fekkee ni sax yenn saay dafay raglu wala mu jafe ngay nettali sa mbir. Nekku loo yaw kese. Njaatige bi/aji teewal ji ak ligeeykat yi ñi ngi fi ngir deglu la ak ngir dimbali la ci say soxlay bes bu nekk.
Ligeeykat yi mën nañu la dimbali bu fekkee xam nañu sa tolluwaay.

Foo mëna dal, dina am ay tërëlin yoo wara topp. Ci misaal, da ngeen wara jox cër yeneen dëkkandoo yi ak ligeeykat yi te waroo leen bari coow ci waxtu dallu yi.

Ligeeykat yi dinañu la leeral tërëlin yi ak lila ci mëna fekk boo toppu lee tërëlin yi.

Amna solo ngay:

- Sàmmoo ak tërëlini berab bi nga dal
  - Bul tóx, naan sàngara wala drog
  - Bul génn ci barab bi ci waxtu yiñ tëral
  - Bul nangu ñu dugg ci barab bi te kenn mayul la
  - baña dawee ci berab bi la kilafa yi wax nga dal
- topp yooni réew mi la ligeeykat yi leeralal.

## LAN MOOY XEW BOO SÀMMOOWUL AK SAY WAREEF?



Bu loolu amee, mën ngeen wax ci lu leer ak njaatige bi/aji teewal ji wala ligeeykat yi te nga leeral sa tolluwaay ak lay yi nga am.

Kilifa yi dinañu saytu sa tolluwaay ginaaw gi ñu la yëgalee yaw ak sa aji njaatige/aji teewal ji fas yéenee jël ay matuwaay.

Kilifa yi mën na am ñu jël dogal ci:

- **mën nga jot ndimbal yu néew**, ci misaal, boo dawee ci berab bi la kilifa yi waxoon nga dal, wala boo leen bañee yombalal ligeey bi.
- **Mën nga ñàkk yenn ndimbal yi ngay jot** bu fekkee ni da ngay def fitna wala doo sàmmoo ak sàrti berab bi nga dal ci ay yoon yu bari wala ci anam yu tar. Mën na am ñu woo alkaati yi.



**Yaa ngi léegi ci rewum Italie, mi nga xam ni bokk na ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.**
**Réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñooy:**

27 réew yu bokk ci Réew yu booloo yu Órob (EU): Allemagne, Autriche, Belgique, Bulgarie, Chypre, Croatie, Danemark, Espagne, Estonie, Finlande, France, Grèce, Hongrie, Italie, Lettonie, Lituanie, Luxembourg, Malte, Pays-Bas, Pologne, Portugal, République d'Irlande, Roumanie, Slovaquie, Slovénie, Tchéquie, Suède ak

Yeneen 4 réew: Islande, Liechtenstein, Norvège, Suisse.

## TËRËLIN YI NGIR BINDU NGIR AM LÀQQUWAAY AK NGIR TUKKI CI YENEEN RÉEW YU RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB AK RÉEW YU ÀND AK ÑOOM CI AY DOXALIN



Njaatige bi/aji teewal ji **ak ligeeykat yi dina ñu la leeralal tërëlin yu am solo yii. Mën nga leen jébbal ay laaj saa bu la neexee.**


- War nga dal ci rewum Italie te doo dem ci benn ci yeneen réew yu réew yu booloo yu órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.
- Boo amee ay mbokk ci benn ci réew yii, kilifa yi dinañu la xibaar ci seen sañ-sañu dajaloo niki ay waa-kër. Bul daw.
- Boo dawee, dina waral ay jeexital yu baaxul ci yaw, yoo xam ni leeral nañu ko ci teere bii. Ci misaal, di nga jot ndimbal yu gëna néew ci beneen réew mi.
- Fàttalikul, da ngaa wara bindu ngir sàkku làqquwaay ci réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin mi nga njëkka dal, ludul kilifa ya dañu sàkku ci yaw laneen.
- Benn ci réew yu booloo yu Órob yii rekk wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñoo wara saytu sa bindu ngir làqquwaay. Kilifa yi ci rewum Italie dinañ la wax ban réew moo warlu loolu.

Di nga jang tërëlin yi ci yeneen téere.

## LAN MOOY XEW BOO DAWEE CI BENN CI YENEEN RÉEW YU RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB AK RÉEW YU ÀND AK ÑOOM CI AY DOXALIN?

**rewum Italie**

**Beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin**



**Ci rewum Italie:**

- say toppatoo ngir am làqquwaay mën nañu ko dakkal.

**Ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin:**

- kilifa yi mën nañu jël dogal ci delloo leen ci réew mi bokk ci réew yu booloo yu Órob mi nga joge te amoo ci ndigal.

Bula kilifa yi yëgalee ni jël nañu dogal ci delloo la, di nga amati yenn sañ-sañ, ci misaal:

- dootoo jotati yenn xeetu ndimbal yi te
- dootu ñu la may nga ligeey.

## KAN MOO LA MËNA DIMBALI BU FEKKEE NANGU WU LOO DOGAL BU KILIFA YI JËL?

Mën nga wax ak njaatige bi/aji teewal ji te nga jébbal laaj bu la neex.

Fekk nga ànd ak njaatige bi/
**a**ji teewal ji mën nga sàkku ndimbal ci ab xelalkat ci wàllu yoon.



Ab xelalkat ci wàllu yoon nit la ku xam yooni réew mi te ku mëna gëstu say mbir la te mën la taxawu.

Ligeeykat yi tamit dinañu la xibaar ci mbiri mbootaay yu ajuwul ci genn nguur yu la mëna jox ay xibaar aki ndimbal.




Mën nga jokkoo ak Bànqaas buy saytu mbiri dawlàqqu yi te aju ci mbootaayu xeet yi (UNHCR) saa bu la soobee. UNHCR dafay àar nit yu ñu genne seen réew te neexu leen.

# LAN MOOY XEW BU AMEE NDIMBAL YU SOPPEEKU?

Bu kilifa yi jëlee dogal ci taxawal wala dàkkal yenn xeeti ndimbal yi ndax tolluwaay bi niki nu ñu ko leeralee ci xët bii, di nga wey di mëna:



- dem ekool



- gis ab doktoor wala ab fajkat ngir jot ay taxawu ci wàllu paj



- jot ay ndimbal ci buñu sukkandikoo ci sa tolluwaayu bopp, manaam fooy fanaan ci berab bu kilifa yi jël dogal ak ay taxawu

Bu kilifa yi jëlee dogal ci dakkal jotu ndimbal yuñu la doon jox ndax dangeen da ngaa daw dem ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin, xeetu ndimbal bi ngay jot mi ngi aju ci sa tolluwaay ak say soxla. Di nga mëna wey di dem ekool.

Teere bi ngir joxe ay xibaar rek la. Nekkul ngir joxe ay sañ-sañ ak ay wareef. Mbootaayu Réew yu booloo yu Órob ngir dalal dawlàqqu yi (EUAA) moo joxe lu ëpp ci teere bi, réew yu bokk ci Réew yu booloo yu Órob rek la EUAA may ñu sotti ko wala soppi ko. EUAA amul lenn lumu warlu ci weraayu xibaar yi nekk ci teere bi te tukkee ci réew yu bokk ci kureelu Réew yu booloo yu Órob, ci luñuy wund, ci seen mataay, ci seen dëppoo ak yoon wala ci seem wóoraay. Moo xam EUAA wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk ci teere bi.

© European Union Agency for Asylum, 2025